# Lekòl Piblik Rahway
# Manyèl Paran Enskripsyon Ouvè

Sa a se yon gid etap pa etap pou ede paran/gadyen yo anrejistre yon elèv pandan Enskripsyon Ouvè.

**Kontni**


- Tradui ekran an ........................................................................................ 3
- Paj dakèy .................................................................................................. 4
- Enskri elèv yo (apre ou fin mete kle a) ..................................................5
- Kontak ak adrès .........................................................................................8
- Dokiman ki obligatwa ........................................................................ 10
- Sondaj sou lang yo pale lakay .................................................................11
- Revize epi voye ..........................................................................................12

## Tradwi Paj la an Kreyòl Ayisyen

**Ale sou sit entènèt Lekòl Rahway yo nan www.rahway.net. Nan kwen anlè goch la, peze "Translate" jan foto a montre. Chèche epi peze Kreyòl Ayisyen.**



## Paj Dakèy

### Peze “Enskripsyon Lekòl” nan tèt ekran an.




Sa ap mennen ou nan pwochen paj ki gen tit “Byenveni nan Enskripsyon Ouvè.” Swiv enstriksyon yo epi antre kle yo ba ou nan pati anba a.



# Enskri Elèv

Ou dwe kreye yon kont ak adrès imel ou epi chwazi yon modpas ki fasil pou sonje, epi peze bouton enskripsyon an.




---

## Klike sou 'Ajoute elèv' pou kòmanse, sou bouton vèt la.



**Swiv enstriksyon yo epi ranpli TOUT chan obligatwa yo. (Tout chan ki gen yon * yo obligatwa).**




**Apre ou fin ranpli tout enfòmasyon yo, peze “Sove Elèv la”.**



**Nan moman sa a, w ap wè ELÈV OU TE ANTRE**
**Rezolisyon pwoblèm: kolòn "eta" nan tablo a ap montre w si ou ka kontinye oswa si enfòmasyon manke. Si ou wè "Chan ki manke" nan kolòn "eta" a, klike sou "Modifye elèv la" pou retounen sou paj anvan an epi fini ajoute enfòmasyon yo mande yo.**




**Nan moman sa a, si ou gen lòt elèv pou antre, klike sou "Ajoute lòt elèv" epi ranpli menm pwosesis la ou te fè pou premye elèv la.**

**Si ou fini ajoute elèv yo epi ou wè "Kontinye" nan kolòn Eta a, klike sou "Pase nan pwochen paj la" ki an ble nan pati anba ekran an.**

# Ajoute enfòmasyon kontak ak adrès

**Klike sou "Ajoute adrès prensipal ak paran/tutor prensipal" pou ajoute enfòmasyon kontak paran/tutor prensipal la.**




**Yon fenèt ap parèt pou ou antre adrès ou, relasyon ak elèv la (manman, papa, elatriye), nimewo telefòn, ak enfòmasyon imel.**

**Lè ou fini, klike sou "Ajoute Kontak"**
**Endike adrès fizik elèv la epi klike sou "Ajoute adrès prensipal ak paran/tutor fanmi."**




Si ou bliye ranpli yon chan obligatwa, fenèt la ap rete ouvè epi chan an ap make an wouj pou mande ou antre enfòmasyon an. Asire ou antre enfòmasyon nan tout chan obligatwa yo oswa ou pap ka kontinye, apre sa klike sou "Sove enfòmasyon kontak prensipal" ankò.

Apre ou fin antre enfòmasyon sou tutor prensipal la, yon mesaj ap parèt e ou ka ajoute lòt paran/tutor yo, ansanm ak kontak ijans yo.



## Dokiman ki Obligator

Chaje chak dokiman ki obligatwa lè w ap klike sou "Chaje dokiman an", klike sou "Chwazi dosye" pou jwenn dokiman ki gen rapò sou aparèy ou, epi apre sa klike sou "Chaje dosye a".




.

Lè ou fini, klike sou "Pase nan pwochen paj la".



## Sondaj sou lang yo pale nan kay la

Klike sou "Kòmanse sondaj" sou bouton ble a pou revize kesyon obligatwa pou sondaj lang yo pale nan kay la.




Si sa nesesè, ou ka klike sou "Reyajiste sondaj la" pou voye sondaj la ankò.

Apre ou fin reponn kesyon yo, klike sou "Pase nan pwochen paj la".

## Revize ak Voye

Kounye a ou nan onglet Revize ak Voye. Desann anba epi revize enfòmasyon ou te antre yo epi asire w ke yo kòrèk epi pa gen chan obligatwa ki manke.







Klike sou "Voye enfòmasyon enskripsyon an".

Si ou resevwa mesaj "Papas voye enfòmasyon enskripsyon an," sa vle di gen enfòmasyon ki manke nan kèk chan obligatwa, desann anba pou wè sa ki manke pou ou ka kontinye. Erè yo ap make an wouj.

Apre ou fin enskri kòrèkteman, yo pral montre ou ekran sa a, ou ka fè plis chanjman epi voye enfòmasyon an ankò si ou vle.




Ou pral resevwa yon imèl konfimasyon pou fè w konnen ke yo resevwa enskripsyon ou. Tanpri, tann yon ti tan pou verifye dokiman yo ak enskripsyon elèv la.